# Жаңа имарат пайдаланыўға тапсырылды

Өзбекстан Республикасы Президентиниң “Жәмийетте социаллық-руўхыйлық орталықты саламатластырыў, мәҳәлле институтын және де қоллап-қуўатлаў, шаңарақ ҳәм ҳаял-қызлар менен ислесиў системасын жоқары дәрежеге алып шығыў ис-иләжлары ҳаққында”ғы ПФ-5938-санлы пәрманына тийкар пуқаралар жыйыны хызметкерлери ушын бир қанша қолайлы шараятлар жаратып берилмекте. Олардың материаллық-техникалық базасын беккемлеў бойынша Кегейли районы аймағындағы 16 аўыл ҳәм мәкан пуқаралар жыйынларына 2021-жыл январь айында 28 дана компютер ҳәм 14 дана 3/1 принтер жергиликли бюджет есабинан алып берилди.

Image not found or type unknown

Өзбекстан «Асака банк» АКБ басқармасы есабынан район аймағындағы 14 аўыл ҳәм мәкан пуқаралар жыйынларына уялы телефон (смартфон) алып берилди.

Image not found or type unknown

Пуқаралар жыйыны имаратларын жаңадан қурыў ҳәм оңлаў бойынша да көлемли бир қанша жумыслар әмелге асырылмақта. Кегейли районы аймағындағы 6 АПЖ ҳәм МПЖ имаратларында жаңадан қурилис, оңлаў жумыслары алып барылмақта. Атап айтқанда, «Жалпак жап» АПЖ имаратына жергиликли бюджет есабынан 655 000 000 (алты жүз елиў бес миллион) сўм муғдарында қаржы ажыратылып, қайта оңлаў жумыслары алып барылды ҳәм салтанатлы түрде пайдаланыўға тапсырылды.

Image not found or type unknown